



Eksplorasyon plant: Yon resous pou paran sou sèvis pou ede ak andikap(Related Services) pou debitan

Chè paran,

Mèsi poutèt ou pran tan pou eksplore resous pou paran sou *Related Services pou debitan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk(New York City Department of Education, NYCDOE)* sa a. Resous sa a bay mwayen ou ka sipòte ak pote sa pitit ou a ap fè nan salklas la lakay oswa nan kominote a. Yo fè aktivite chak jou nan senk domèn devlopman timoun:

- **Apwòch pou aprantisaj** (kiryozi, pèsistans, kreyativite ak imajinasyon)
- **Devlopman fizik ak sante** (mache, grinpe, danse, kolore, koupe ak pentire)
- **Devlopman sosyal ak emosyonèl** (antann ak lòt moun, eksprime santiman, konpreyansyon ak swiv woutin)
- **Kominikasyon, langaj ak Literacy** (pale klèman, konprann istwa ak poze kesyon)
- **Konpreyansyon ak konesans mond lan** (konte, konprann modèl, fè prediksyon ak obsèvasyon, konsyans fanmi ak kominote)

Vèsyon Related Services pou debitan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk(New York City Department of Education, NYCDOE) sa a pral konsantre sou sijè plant, ki se yon sijè salklas pre-K pitit ou a ka eksplore. Sijè sa a bay yon opòtinite pou sipòte pitit ou a nan eksplore ak obsève anviwònman ki antoure l. Resous sa a pral ede w itilize kay ou ak kominote a pou travay sou ladrès presi avèk pitit ou a ki gen rapò ak konpreyansyon plant ak kòman yo grandi ak chanje.

Respè,

Ekip Related Services pou debitan

Ekip Related Services pou debitan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la fè pati biwo edikasyon espesyal DOE. Ekip la gen ladan terapi pou reprann okipasyon, terapi fizik ak Terapi pou diksyon ak langaj ki la pou pwomotepreparasyon akademik elèv ki nan senk boroughs yo. Si w enterese konnen plis sou related services ak pwosesis edikasyonnespesyal, tanpri ale sou sitwèb DOE a nan schools.nyc.gov epi klike sou "Special Education" and "Moving to Preschool"

Terapi pou diksyon ak langaj konsantre sou fason pou amelyore kapsite pou tande, pale, vokabilè ak konpreyansyon langaj yon timoun nan lekòl ak nan anviwònman sosyal yo. Aktivite sa yo ka ede nan domèn sa yo:

- Ede pitit ou a konprann ak poze kesyon ak mo kiyès, kisa, kòman, poukisa, kilè ak ki kote. Paegzanp: “Kòman zoranj yo fè rive nan boutik la?” “Kisa ki rive lè fèy yo sot tonbe sou pyebwa?”
- Bay pitit ou a diferan tip fwi ak legim pou l manje. Pale sou resanblans, sant ak gou chak bagay. Poze kesyon sou bagay ki menm ak sa ki diferan.
- Jwe jwèt devinèt avèk pitit ou a. Dekri bagay ki gen rapò ak plant, fwi oswa legim. Paegzanp: “Li gen koulè oranj, long epi lapen renmen manje l.”
- Ede pitit ou fè yon pwojè art ki egzije de oswa plizyè etap. Fè pitit ou a deside lòd etap yo pou l fè aktivite a. Paegzanp, "Toudabò desine yon flè, apresa koupe l."

Terapi fizik konsantre sou mwayen pou amelyore devlopman gwo mouvman yon timoun, tankou mache, kouri, ekilib ak kowòdinasyon. Aktivite sa yo ka ede nan domèn sa yo:

- Lè w deyò fè pitit ou a mache, sote, ponpe oswa kouri pandan l ap kolekte diferan materyèl tankou fèy, branch, flè oswa ekòs pyebwa pou kreye yon pwojè art lakay.
- Nan boutik la, fè pitit ou a pouse yon charyo epi chwazi fwi ak legim pou mete nan charyo a.
- Ale pwomne epi fè pitit ou a mache sou fèy sèch oswa fèy ki fèk tonbe. Pale sou diferan son fèy yo bay.
- Chante yon chanson oswa li yon liv sou kòman plant grandi. Fè pitit ou a fè mouvman ak kò l pou montre kòman yon plant grandi, paegzanp bese epi kanpe dousman pou rive nan syèl.

Terapi pou reprann okipasyon konsantre sou mwayen pou ede amelyore endepandans yon timoun pandan aktivite chak jou ak aktivite edikatif lè li travay sou abilte, kapasite pèsepsyon vizyèl, òganizasyon, sans yo ak kapasite pou pote atansyon Aktivite sa yo ka ede nan domèn sa yo:

- Avèk dwèt li, pitit ou a ka desine plant ak flè nan sann, tè, labou, penti ak krèm pou raze oswa kreye plant ak flè avèk pat.
- Desine pè diferan plant ak flè sou index cards epi jwe yon jwèt memwa avèk pitit ou a. Ede pitit ou a ranje kat yo, fas anba an ranje. Vire kat de pou jwenn imaj ki koresponn yo.
- Bay pitit ou a grenn pwa ak semans ki gen diferan gwosè. Konsève yo nan ti sachè epi fè pitit ou a retire semans yo ak grenn pwa yo yonn alafwa pou kreye diferan modèl.